



## Enskri nan Kredi Taks Eskolè (School Tax Relief, STAR)

Felisitasyon pou nouvo kay ou a! Si sa a ap rezidans prensipal ou, pran kèk minit pou w enskri nan kredi STAR la.

Nouvo pwopriyetè kay ki kalifye yo ap resevwa ekonomi STAR yo dirèkteman nan men Eta New York la sou fòm yon chèk.

Men, ou dwe anrejistre nan Depatman Taks Eta New York la pou resevwa yon chèk kredi STAR.

Ou ka enskri 24 sou 24, 7 jou sou 7 sou [www.tax.ny.gov/star](http://www.tax.ny.gov/star).

Pwopriyetè ki pa gen aksè ak yon òdinatè ka enskri atravè telefòn nan 518-457-2036 lasemèn ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Kòmantè itilizatè nou yo sou aplikasyon Enskripsyon STAR la:

*'Senp ak fasil pou itilize.'*

*'Trè konvivyal. Fasil pou suiv etap pa etap.'*

*'Mwen te atann mwen li t ap yon pwosesis ki long... men li pa t sa.'*

### Èske w kalifye pou STAR?

Si ou se pwopriyetè kay ou, li se rezidans prensipal ou, epi revni ou se \$500,000 oswa mwens, ou kalifye pou kredi Debaz STAR la.

Anplis de sa, si w gen 65 lane oswa plis ak yon revni \$92,000 oswa mwens, ou ka kalifye pou kredi Amelyore STAR la.

Nan premye ane nouvo kay ou a, ou ka resevwa egzanpsyon STAR pwopriyetè anvan an. Nan ane k ap vini yo, toutotan ou kalifye, n ap voye yon chèk STAR ba ou. Ou p ap bezwen enskri ankò.

### Anvan ou enskri, mete enfòmasyon sa yo disponib:

- non ak nimewo sekirite sosyal tout pwopriyetè yo ak mari oswa madanm yo
- non distri eskolè kote rezidans prensipal ou a ye a
- dat apwoksimatif ou te achte pwopriyete a, ak non vandè yo
- fakti taks lekòl ki pi resan an, si ou te resevwa youn
- adrès nenpòt pwopriyete rezidansyèl ou posede nan yon lòt eta
- si w posede pwopriyete a nan kontra ak yon lòt moun, non legal moun ki sou kontra a
- Deklarasyon taks sou revni federal oswa eta pou ane 2020 pou tout pwopriyetè (si w pa t ranpli yon deklarasyon taks sou revni pou ane 2020 an, yo pral mande w pou bay enfòmasyon finansye pou tout pwopriyetè yo)

